Урысей Федерацэм хуитыныгъэ псори щызэпIэ и субъекту щыткIэрэ, конституцэкIэ иIэ хуитыныгъэхэм ябгъ иткIэ социально-экономикэ политикэр еубзыху икIи егъэзащIэ, урысей реформэхэм, зыуэ щыт экономикэмрэ хабзэмрэ тету.

Дэ фIы дыдэу къыдгуроIуэ, ди лъэпкъхэм я къэкIуэнур елъытащ псынщIэу зызыхъуэж нобэрей гъащIэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиубыдыф увыпIэм зэрелъытар. Абы къыхэкIыу ди мурадщ - зэман гъунэгъу дыдэм республикэр индустриально-технологиекIэ зызыужьа, демократие жылагъуэ тущIыну.

А мурадыр зэрызэдгъэхъулIэну Iэмалхэр убзыхуакIэщ. Ар - технологие пэрытхэр и лъабжьэу экономикэр къэгъэщIэрэщIэныщ. Ар - гъэзэщIакIуэ, хабзэгъэув властым хъер къыпыкIыу дэлэжьэн граждан жылагъуэ зэфIэгъэувэныщ, политикэ партхэмрэ жылагъуэ зэщIэхъеелныгъэхэмрэ сэбэпныгъ хэлъу ягурыIуэныщ, властымрэ жылагъуэмрэ я зэкъуэтныныгъэр къыщэгъэпэщыныщ.

Абы щыгъуэми къыдгуроIуэ, къэкIуэнур дыухэкIэрэ, дэ куууэ тщIэн хуейщ икIи зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым блэкIар, ди яп итахэм я Iуащагъыр, нэхъыжьхэм я Iуэху еплъыкIэр, абыхэм гъащIэм къыхаха дерсхэр, щIэныгъэр, лъэпкъыр, Хэкур фIыуэ лъагъуныр тегъэщIапIэ тущIыпхъэщ. Ахэр и лъабжьэущ пщдейрей махуэм хуиту дыщыкъуэплъэфынур.

Урысей Федерацэм и Президент Путин В. В. къыхегъэщ: «Ди къэралым, лъэпкъыщхьэм я зэхуэдэ уиэ хъуам, дежкIэ нэхъыщхьэр цIыху-бэм я зэгурыIуэныгъэрщ, аращ ди къэралым и джэлэс нэхъыщхьэ дыдэр. Мыбдежым лъабжьэ быдэ щыдиIэщ дэ, къыпещэ абы. Ар лIэщIыгъуэ бжыгъэкIэрэ зэдгъэпэща фIыгъуэщ».

Нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щопсэу икIи щолажьэ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэдым къаухкIахэр. Адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ, урысхэмрэ белорусхэмрэ, абхъазэхэмрэ къэрэшейхэмрэ, осетинхэмрэ шэшэнхэмрэ, журткэмрэ ингушхэмрэ, куржыхэмрэ дагьыстэнхэмрэ, ермэлыхэмрэ азербайджанхэмрэ, тэтэрхэмрэ нэмыцэхэмрэ, украинхэмрэ корейхэмрэ - жыпIэнурамэ, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ пщIы бжыгъэхэм я лIыкIуэхэм, мамыру зэдэпсэууэрэ, егупуу къызэрагъэпэщ цIыхур псэун папщIэ зыхуеину псори.

Республикэм щыпсэу лъэпкъ псоми яку дэлъ зэгъунэгъуфI, зэныбжьэгъуфI зэхущытыкIэхэр тхъумэныр, ахэр нэхъри дгъэбыдэныр ди къалэну къыдолъытэ. ЗэпэщIэтыныгъэмрэ гужьгъэжьымрэкъым, атIэ акъылыфIэу, мамырщIэкъуу щытыныщ, зэгурыIуэныщ, зэдэIэпыкъныщ - мис ахэращ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъхэр зэкъуэзыгъэувэн хуейр.

Дэ псоми къытхуиухар зыщ, зыщ ди тхыдэр - дызэгъусэныщ, дызэкъуэту гъащIэщIэ дыухэныщ, XXI лIэщIыгъуэм и гъэзгу мытынщхэм зэгъусэу дриклуэныщ.

Республикэм и къэрал властым и органхэр хъарзынэу ядолажьэ дин Iэхъущ1апIэхэми. Дяпэки дгъэбыдэнущ абыхэм яхудиIэ пыщIэныгъэхэр, зи динхэр эзтемыхуэ цIыхухэм яку дэлъ пщIэмрэ дзыхьымрэ. Дуней псор терроризмэмрэ экстремизмэмрэ къаIэрыкI шынагъуэм щигъэгулэз мы зэманым дэ икъукIэ сакъыу дахущытыпхъщ а щытыкIэм къыдэкIуэнкIэ хъуну гугъуехьхэм.

Дэтхэнэ зы лъэпкъми къыдекIуэкI и щэнхабзэ, лъэпкъ щхьэхуэныгъэхэр мы зызыхъуэж дунейм хэмыкIуэдэн щхьэкIэ дэ тхъумэжьын хуейщ ди лъабжьэр, анэдэлъхубзэр, щэнхабзэр, псэкупсэ къулеигъэхэмрэ къыддекIуэкI хабзэхэмрэ. Апхуэдэ щыкIэкIэщ тегушхуауэ зэрызыбжьыфынур, зыми емыщхь уи фIыгъуэхэр пхъумэу лъэпкъыуи укъыщызэтенэнур. Абы къыдэкIуэуи мыхьэнэшхуэ иIэщ адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ зегъэужьныным урысыбзэм къахуищIа, иджыри къахуищI хэлъхьэныгъэхэр, Урысейм и адрей лъэпкъхэми я щэнхабзэхэм хуэдэу, ди лъэпкъхэм я щэнхабзэхэм зегъэужьныным, ахэр нэхъ бей щыным ар зэрыхуэлажьэр зыщыдмыгъэгъупщэным. Ди Президент Путин В. В. къызэрыхигъэщащи: «Урысыбзэр ди дежкIэ - ар къэралыбзэщ, лъэпкъхэр зэрызэрыщIэщ икIи ар зыкIи пхуэзэхуэжьныкъым, ар лъэпкъ куэду зэхэт ди къэралым щыпсэуэхэр псэкIэ зэрызэпыщIа джэлэс нэсщ».

Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Дэтхэнэ зы лъэпкъри хуитщ зэрызиужьыну гъуэгур езым иубзыхужыну, и дарэгъуэхэр къыхихыжыну, и жылагъуэр зытетыну политикэ хуэгъкIэр, и экономикэр зэтриухуэну, и шынагъуэншагъэр къызэригъэпэщыну. Лъэпкъхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ апхуэдэ лъэбакъуэхэр зэрачныну егупсысыну -мызэмыгтIэу къахуихуащ адыгэ, балъкъэр лъэпкъхэми. Зи тхыдэр илъэс минхэм кьадэбжэ, хабзэхэр быдэ къэралым зыпащIэри, абыхэм гъуэгу нэхъ захуэ дыдэр къыхахауэ щытащ. Абы и щыхьэт наIуэу ди лъэпкъхэр лIэщIыгъуэ бжыгъэ хъуауэ Урысей къэралыгъуэм зэрыхэтыр.

Сыт хуэдэ щытыкIэ имыхуами, Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъхэр хуэпэжащ зэгуэр ятха тхъэрыIуэм икIи Хэкум пэжу къулыкъу хуащIащ.

Зэман зызыхъэжьым дэ гугъуехьыщIэхэр къыттпегъэтIылъ, сыт щыгъуи егъэунэху ди зэкъуэтныныгъэм и быдагьыр, Урысейм и сэбэп зыхэлъхэр дызэгъусэу тхъумэным дызэрыхуэхьэзырыр. Апхуэдэ щытыкIэхэм деж дэ псом хуэмыдэу гуащIэу зыхыдощIэ зэкъуэтныныгъэм, дзыхь зэхуэщIыным, лIакъуэхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэм яIэ мыхьэнэр зэрыиныр, уи тхыдэмрэ абы и дерсхэмрэ пщIэ яхуэпщIыным, лъэпкъ куэд щызэдзепсэу ди къэралыр, урыс лъэпкъыр зи курыхьр, зэкъуэзыгъэувэ хабзэхэмрэ зэныбжьэгъуегъэмрэ уи тегъэщIапIэу щытыным и купщIэр.

НаIуэу зэрыщытщи, дунейм зы лъэпкъи теткъым и тхыдэм щыщ Iыхьэ гъэрхэм къриубыдэу гъэзэгъуэ зыльэмыIэса. Адыгэ, балъкъэр лъэпкъхэри, ди жагъуэ зэрыхъунщи, нэщхъеягъуэхэр къажьэхэмыуэу къэнакъым. Апхуэдэу щытми, абыхэм фIыуэ къагуроIуэ гъэзэгъуэм и нэпкъыжьэ къызытенахэр езыхэм зэрамызакъуэр, атIэ Урысейм и нэгъуэщI лъэпкъ куэдми, псом япэрауи урыс лъэпкъым, я къэкIуэкIыкIами нэщхъеягъуэхэр кьызэрыхэнар. ИкIи а гъунэхэныгъэхэм, ахэр сыт хуэдэу хъэльэу щымытами, адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ къытрашыфакъым урыс щыхубэм якъуэтыным теухуауэ зэгуэр къыхаха гъэгум хуэпэжьн мурадым. Дэ дызэгъусэу ткIуащ Хэку зэкъуэт икIи лъэщ ухуэным ухуэзэшэ гъуэгур икIи абы дызыщыIууа гугъуехь псори дызэкъуэту кьызэдэкIащ.

Ди лъэпкъхэм пщIэшхуэ хуащI экономикэ, социальнэ, щэнхабзэ я лъэныкъуэкIэ абыхэм заужьныным хуэнэтIауэ Урысей къэралыгъуэм щызэфIагъэкIам, дяпэкI щалэжьым, апхуэдэуи нэсу зыхащIэ Урысейр - ар адыгэ-шэрджэх, балъкъэр-къэрэшей лъэпкъхэм я къэралыгъуэ щаIэж, абыхэм я анэдэлъхубзэхэр къэралыбзэу щыщыт, зыми емыщхь ухуэ щыным ар зэрыхуэлажьэр зыщыдмыгъэгъупщэным. Ди Президент Путин В. В. къызэрыхигъэщащи: «Урысыбзэр ди дежкIэ - ар къэралыбзэщ, лъэпкъхэр зэрызэрыщIэщ икIи ар зыкIи пхуэзэхуэжьныкъым, ар лъэпкъ куэду зэхэт ди къэралым щыпсэуэхэр псэкIэ зэрызэпыщIа джэлэс нэсщ».

Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Дэтхэнэ зы лъэпкъри хуитщ зэрызиужьыну гъуэгур езым иубзыхужыну, и дарэгъуэхэр къыхихыжыну, и жылагъуэр зытетыну политикэ хуэгъкIэр, и экономикэр зэтриухуэну, и шынагъуэншагъэр къызэригъэпэщыну. Лъэпкъхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ апхуэдэ лъэбакъуэхэр зэрачныну егупсысыну -мызэмыгтIэу къахуихуащ адыгэ, балъкъэр лъэпкъхэми. Зи тхыдэр илъэс минхэм кьадэбжэ, хабзэхэр быдэ къэралым зыпащIэри, абыхэм гъуэгу нэхъ захуэ дыдэр къыхахауэ щытащ. Абы и щыхьэт наIуэу ди лъэпкъхэр лIэщIыгъуэ бжыгъэ хъуауэ Урысей къэралыгъуэм зэрыхэтыр.

Сыт хуэдэ щытыкIэ имыхуами, Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъхэр хуэпэжащ зэгуэр ятха тхъэрыIуэм икIи Хэкум пэжу къулыкъу хуащIащ.

Зэман зызыхъэжьым дэ гугъуехьыщIэхэр къыттпегъэтIылъ, сыт щыгъуи егъэунэху ди зэкъуэтныныгъэм и быдагьыр, Урысейм и сэбэп зыхэлъхэр дызэгъусэу тхъумэным дызэрыхуэхьэзырыр. Апхуэдэ щытыкIэхэм деж дэ псом хуэмыдэу гуащIэу зыхыдощIэ зэкъуэтныныгъэм, дзыхь зэхуэщIыным, лIакъуэхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэм яIэ мыхьэнэр зэрыиныр, уи тхыдэмрэ абы и дерсхэмрэ пщIэ яхуэпщIыным, лъэпкъ куэд щызэдзепсэу ди къэралыр, урыс лъэпкъыр зи курыхьр, зэкъуэзыгъэувэ хабзэхэмрэ зэныбжьэгъуегъэмрэ уи тегъэщIапIэу щытыным и купщIэр.

НаIуэу зэрыщытщи, дунейм зы лъэпкъи теткъым и тхыдэм щыщ Iыхьэ гъэрхэм къриубыдэу гъэзэгъуэ зыльэмыIэса. Адыгэ, балъкъэр лъэпкъхэри, ди жагъуэ зэрыхъунщи, нэщхъеягъуэхэр къажьэхэмыуэу къэнакъым. Апхуэдэу щытми, абыхэм фIыуэ къагуроIуэ гъэзэгъуэм и нэпкъыжьэ къызытенахэр езыхэм зэрамызакъуэр, атIэ Урысейм и нэгъуэщI лъэпкъ куэдми, псом япэрауи урыс лъэпкъым, я къэкIуэкIыкIами нэщхъеягъуэхэр къызэрыхэнар. ИкIи а гъунэхэныгъэхэм, ахэр сыт хуэдэу хъэльэу щымытами, адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ къытрашыфакъым урыс щыхубэм якъуэтыным теухуауэ зэгуэр къыхаха гъэгум хуэпэжьн мурадым. Дэ дызэгъусэу ткIуащ Хэку зэкъуэт икIи лъэщ ухуэным ухуэзэшэ гъуэгур икIи абы дызыщыIууа гугъуехь псори дызэкъуэту кьызэдэкIащ.

Ди лъэпкъхэм пщIэшхуэ хуащI экономикэ, социальнэ, щэнхабзэ я лъэныкъуэкIэ абыхэм заужьныным хуэнэтIауэ Урысей къэралыгъуэм щызэфIагъэкIам, дяпэкI щалэжьым, апхуэдэуи нэсу зыхащIэ Урысейр - ар адыгэ-шэрджэх, балъкъэр-къэрэшей лъэпкъхэм я къэралыгъуэ щаIэж, абыхэм я анэдэлъхубзэхэр къэралыбзэу щыщыт, зыми емыщхь ухуэ щыным я лъэпкъхэр зэрызэкъуэувэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъумкIэ къехъуэхъуащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщI **Медведев Дмитрий**.

Осетие Ипщэм и Президент **Бибилов Анатолий** езымрэ Осетие Ищхъэрэ - Аланием и Iэтащхьэ **Битаров Вячеславрэ** кьабгъэдэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэм фIыщIэ кьахуищIащ КъБР-мрэ Урыс-сеймрэ я лъэпкъэр зэрызэкъуэувэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъум, Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэм ятеухуа гуфIэгъуэ дауэдапщэкэр, Бесльэн кьалэм къыщыхъуауэ щыта гуауэшхуэм хэкIуэдахэм пщIэ хуащIу, фокIадэм и 1-м ирахыу фокIадэм и 8-м зэрагъэIэпхъуам папщIэ. «Фи фIэщ фщIы, апхуэдэр ящыгъупщэркъым», - жиIащ Бибиловым.

Тэтэрстан Республикэм и Президент **Минниханов Рустам** кьалэн къызэрыщицIам икIи иткIэ ТР-м и Къэрал Советым и УнафэщI **Мухаметшин Фарид** къеджащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэм къахуэгъэза хъуэхъум.

Евкуров Юнус-Бэч, **Владимиров Владимир**, **Битаров Вячеслав**, **Темрезов Рашид** сымэ къыщыпсалъэм къыхахагъэщащ КИФЩI-м хьыкъэ щIынальэхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэмрэ зэдэлэжьэныгъэмрэ дяпэкI я гъэзбыдэну зэрагуапэр.

Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр пIальэкIэ зыгъэзащIэ **КъумпIыл Мурати** хъэхъу дахэкIэ захуигъэзащ цIыхухэм.

Урысейм ЗыхъумэжьныгъэмкIэ и министерствэм КадрхэмкIэ и управленэ нэхъыщхьэм и унафэщI, генерал-полковник **Горемыкин Виктор** къеджащ УФ-м зыхъумэжьныгъэмкIэ и министр, Урысейм и ЛIыхъжь, армэм и генерал **Шойгу Сергей** республикэм иц лъэпкъхэм кьахуигъэхьа хъуэхъум.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэмрэ абы щыпсэухэмрэ хъуэхъу телеграммэхэр кьыхуагъэхьащ: Урысей Федерацэм ШынагъэншагъэмкIэ и советым и Секретарь **Патрушев Николай**, УФ-м и ФСБ-м и Унафэщ **Бортников Александр**, Урысей Федерацэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и апэ кьуэдзэ **Кириенкэ Сергей**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Ипщэ федеральнэ округым щыIэ, Урысейм и ЛIыхъжь **Устинов Владимир**, кэралым и политик, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэм.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

Сурэтхэр **Каюдин Евгений** *трихащ.*

● ФщIэн папщIэ

ЗэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэ

Урысей Федерацэм и Президентым Iэ тридзащ УФ-м и Лэжьыгъэ кодексым зэхъуэкIныныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» Законым. Абы егъэтэмэм лэжьэгъуэ махуэ иримыкъу гъэувыным, зэрылэжьэну сыхьэт бжыгъэм щIезыгъэгъуахэмрэ зыгъэпсэхугъуэ, гуфIэгъуэ махуэхэм зэрылэжьахэмрэ пэкIуэнур, апхуэдэу лэжьакIуэм зыщигъэпсэхуну зэманыр зэрыхуэхахыным теухуа хабзэр.

ЩХЬЭТЕЧУ жыпIэмэ, лъэныкъуэхэм зэращIылIа лэжьыгъэ зэгурыIуэныгъэм арэзы зэрыщытехъуам тещIыхьауэ, Iэнатlэ щагъэувкIи иужькIи лэжьакIуэм лэжьэгъуэ зэман иримыкъу (лэжьэгъуэ махуэ иримыкъу (сменэ) е тхьэмахуэ зэхуаку лэжьэгъуэ иримыкъу) хуагъэуфынущ, лэжьэгъуэ махуэр Iыхьэ-Iыхьэу ягъэшынри абы хэту.

Лэжьэгъуэ зэман иримыкъур ягъэувыфынущ мардэ зимылэ пIалъэми лъэныкъуэхэм зэращIылIа лэжьыгъэ зэгурыIуэныгъэм къыщыгъэлъэгъуа пIалъэми тещIыхьауэ.

Законым апхуэдэу щыубзыхуащ махуэ къэс зэрылажьэ зэманыр щыхьэти 4-м щIимыгъумэ, абы зигъэпсэхун, шхэн папщIэ лэжьыгъэр зэпигъэу мыхъунри.

Лэжьыгъэ лей зэрызэфIигъэкIам папщIэ зэрыщIат щIыкIэри ягъэтэмэмащ:

псалъэм и хьэтыркIэ, зыгъэпсэхугъуэ, мылэжьэгъуэ гуфIэгъуэ махуэхэм лэжьыгъэм тригъэкIуэдэн хуей зэманым щIригъэгъуамэ икIи абы хуэзэ улахуэр щIигъуу ираткIэрэ е нэгъуэщI зыгъэпсэхугъуэ хухахкIэрэ япшыныжамэ, ар хиубыдэркъым лэжьыгъэ лей щызэфIагъэкIа зэманри, абы хуэзэри къыщалъытэкIэ.

Мыбдежым лэжьакIуэ псоми пщIэр хэгъэхъуауэ щрат зыгъэпсэхугъуэ е мылэжьэгъуэ гуфIэгъуэ махуэм зэфIагъэкIа лэжьыгъэм хуэзэ улахуэм щыхуагъадэу.

ЛэжьапIэ къезытым и кьалэнщ лэжьэгъуэ махуэ иримыкъу хуигъэувыну цIыхубэ уэндэгъум, зи ныбжьыр илъэс 14-м нэмысса сабийм и адэ-анэм ящыщ зым, зи ныбжьыр илъэс 18-м нэмыса ныкъуэдыкъуэм кIэлъыплъу унагъуэм щыщ гуэрым я лъэIыкIэ. Абы щыгъуэми лэжьэгъуэ зэман иримыкъу щыхуагъуэвыр щхьэусыгъуэ пыухыкIахэр къыщыкъуэкIым и дежщ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Лэжьыгъэр ягъэлъэщ

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур иригъэкIуэкIа зэIуущIэм щызэпкърахащ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ япэщIэтыным хуэунэтIауэ я Iуэхущ1апIэм, хабзэхъуэмэ, кIэлъыплъакIуэ Iэнатlэхэм мы гъэм и япэ мазихым зэфIагъэкIар.

КъЫЗЭРАГЪЭЛЪЭГЪУАМКIЭ, абы и лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэ пыухыкIа ирагъэкIуэкIащ, республикэм зэпIэзэрытныныгъэр щыщIэзэрагъэпэщащ. Къапщтэмэ, экстремизм хуэмэжьмышхэм зэрыщахъумэ щIыкIэр ягъэльэщащ. Зи гугъу тщIы зэманым ныкъусаныгъэ зэмылIэужьыгъуэу 1852-рэ къахутащ. Ахэр ирырагъэкIуэжьын папщIэ, законым емызэгъ хабзэ акту 140-рэ кьызэтрагъэувыIащ, тхылъи 137-рэ судым ираташ, яхуэзымыдэ тхыгъэу 388-рэ ягъэхьэзыраш, къулыкъущIэ 271-рэ жэуапым ирашэлIащ, 30-м хабзэм текI зэрымыхъунур гурагъэIуащ, 140-р административнэ Iуэху ящIащ. КьищынэмыщIауэ, я лэжьыгъэм кьыщагъэсэбэпын папщIэ, властымрэ щIыпIэ самоуправленэмрэ я Iэнатlэхэм аналитикэ хъыбари 150-м щигъу хуагъэшащ.

ХъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм я Iэмалхэри гулъытэ хэха хуащIу кьагъэсэбэпащ, экстремизмэм къыпкърыкI шынагъуэр, абы зэрыпэщIэт щIыкIэр, я лэжьыгъэр зыхуэдэр цIыхухэм я зэхуэсхэм, зэIущIэ зэмылIэужьыгъуэхэм хэIущIыну щащIащ.

ИнтернеткIэ зэбграгъэкI тхыгъэ 42-рэ Урысей Федерацэм и щIыналъэм хъыщагъэсэбэп мыхъуну кьалъытащ, Урысейм Коммуникацэ кIэлъыплъныныгъэмкIэ и Iэнатlэр щIыгъуу, WI-FI технологиехэм хуимыту Iуэхущ1апIэхэр зэрыпащIэр 36-рэ къызэпаудащ, лъэпкъхэр зэущызыгъэхьэ, экстремизм хьэгъэщагъэм кьыхуезыджэ, терроризмэр зыгъэзащIу щIэпхъаджагъэу 9 кьыщIагъэщIауэ, зэхагъэкI.

Терроризм, экстремизм хьэгъэщагъэхэр кьыызыхэкIыр, абыхэм хуэзыгъэуш щхьэусыгъуэхэр зэрагъэбеледжылы щIыкIэр, ныкъусаныгъэхэр гъэзэкIуэжьныныкIэ лэжьыпхъэхэр зэпкърахащ. Апхуэдэу терроризм, экстремизм щIэпхъаджагъэм и кьыщIагъэщIауэ, зэхагъэкI.

Терроризм, экстремизм хьэгъэщагъэхэр кьыызыхэкIыр, абыхэм хуэзыгъэуш щхьэусыгъуэхэр зэрагъэбеледжылы щIыкIэр, ныкъусаныгъэхэр гъэзэкIуэжьныныкIэ лэжьыпхъэхэр зэпкърахащ. Апхуэдэу терроризм, экстремизм щIэпхъаджагъэм хэIущIыну щащIащ.

ИнтернеткIэ зэбграгъэкI тхыгъэ 42-рэ Урысей Федерацэм и щIыналъэм хъыщагъэсэбэп мыхъуну кьалъытащ, Урысейм Коммуникацэ кIэлъыплъныныгъэмкIэ и Iэнатlэр щIыгъуу, WI-FI технологиехэм хуимыту Iуэхущ1апIэхэр зэрыпащIэр 36-рэ къызэпаудащ, лъэпкъхэр зэущызыгъэхьэ, экстремизм хьэгъэщагъэм кьыхуезыджэ, терроризмэр зыгъэзащIу щIэпхъаджагъэу 9 кьыщIагъэщIауэ, зэхагъэкI.

Терроризм, экстремизм хьэгъэщагъэхэр кьыызыхэкIыр, абыхэм хуэзыгъэуш щхьэусыгъуэхэр зэрагъэбеледжылы щIыкIэр, ныкъусаныгъэхэр гъэзэкIуэжьныныкIэ лэжьыпхъэхэр зэпкърахащ. Апхуэдэу терроризм, экстремизм щIэпхъаджагъэм и

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Тхыдэр зи лъабжьэ лэжьыгъэхэр

Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ Сурэтыщ гъуазджэхэмкIэ музеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ музеймрэ гъэлъэгъуэныгъэ щIэщыгъуэхэр щокIуэкI, Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ. Выставкэхэр къызэрагъэпэщащ КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм, УФ-м и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм и республикэ къудамэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ музеймрэ Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ Сурэтыщl гъуазджэхэмкIэ музеймрэ.

ТКАЧЕНКЭ Андрей и цIэр зезыхьэ Сурэтыщl гъуазджэхэмкIэ музеймрэ щагъэуба выставкэр иригъэкIуэкIащ абы и унафэщI **Ремхен Еленэ**.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ си гуапэу махуэшхуэхэмкIэ сыныбохъуэхъу. Дэтхэнэ зы унагъуэми берычэтрэ хьугъуэфIыгъуэрэ илъыну, ехъулIэныгъэ хуэд фIэну Тхьэм жIа! КъБР-м и сурэтыщIэхэм, скульпторхэм, IэпщIэлъапщIэхэм фи лэжьыгъэ купщIафIэхэр утыку зэрыщагъэльагъуэмкIэ си гуапэу сыныбохъуэхъу. Гъуазджэм и цIыхухэм фи Iэдакъэщ щIэкI купщIафIэхэмкIэ иджыри илъэс куэдкIэ дыкъгъэгушхуэну, дыкъгъэгуфIэну дыфщогугъ, - жIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьадин** гъэлъэгъуэныгъэр къыщыззIуихым.

КъБР-м и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Темыркъан Геннадий** жIаI, хабзэ хьуауэ, республикэм и Лъэпкъ музеймрэ къыщызэрагъэпэщ отчёт гъэлъэгъуэныгъэр щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ Сурэтыщl гъуазджэхэмкIэ музеймрэ иджы къызэрыщызэIуахэр, выставкэм утыку къыщрахьэну къыхаха лэжьыгъэ псори, жагъуэ зэращыхъуащи, музеймрэ пэшхэм зэрыщIэмыхуар, псори гъуазджэм дихьэхэсэм я пащхьэм иужькIэ щагъэльэгъуэну зэрамурадыр.

- Къызэхуэсахэм си гуапэу сынывохъуэхъу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралгъуэмрэ Налшык кьалэмрэ я махуэшхуэхэмкIэ. КъБР-м и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм сызэрыхэтым срогушхуэ. Выставкэм хагъэхьа дэтхэнэ зы лэжьыгъэми мыкъэнэ ин иIэщ, гъэщIэгъуэн, уздзэыхьэх куэд хыбольагъуэ, тхыдэр къызыхэха а дахагъэм щIэблэр щIэпIыкIын хуейщ. Республикэм исхэр къыхуздожъ гъуазджэм и жанр, унэтIныныгъэ куэд къызэщIэзыбыдIэ гъэлъэгъуэныгъэ гукъинэжым зыкърагъэхьэлIэну, - жIаI УФ-м и цIыхубэ сурэтыщI **Пащты Герман**.

Музейм и хуэмакIуэ нэхъыщIэ, Урысейм и цIыхубэ Iэпщlэлъапщlэ **Мокаев Владимир** КъБР-м и сурэтыщlхэм зэфIэкI ин зэраIэр къыхигъэщащ икIи художникхэм ехъуэхъуащ я лэжьыгъэхэр къыщапщытэж выставкэр къаззрехъулIам папщIэ.

Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ Сурэтыщl гъуазджэхэмкIэ музеймрэ къыщызIуахэ - «Бжьыхьэ-2017» художественнэ отчёт гъэлъэгъуэныгъэм къызэщIрагъэубыдащ лэжьыгъэ купщIафIэ, щIэщыгъуэ 80-м щигъу. Абы хагъэхьащ республикэм и сурэтыщIэхэр Абей Ася, Азэмэт Светланэ, Аккизовхэ Керим, Сиярэ, Имарэ, Ахматов Лиуан, Ащхъуэт Михаил, Бгъэжьнокъуэ Заурбэч, Джатэгъэжь Залым, Дышэкl Мурат, Зэхъуэхъу Валерэ, Индрис Залымхъан, Жыгун ФатIимэ, Бейтыгъуэн Людмилэ, Ламырдон Руслан, Маргъуц Анатолэ, Пщыхьэщlэ Хьэсэнбий, Темыркъан Геннадий, Хэжь Алик, Чеченов Юрэ, Ерчэнхэ Евгениерэ Исуфрэ, Шэмей Руслан, Жылпэ Анатолэ, Къаночкъуэ Руслан, Пащтыхэ Германрэ Алимрэ, Тэтрокъуэ Светланэ сымэ, нэхъыщIэхэми я Iэдакъэ къыщIэкIа лэжьыгъэ купщIафIэхэр.

Сурэтыщlхэм, скульпторхэм, цIыхубэ Iэпщlэлъапщlэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа Iуазджэ, щэнхабзэ хьэпшIыпхэм еплъхэр къызыхуареджэр зыщыщ лъэпкъмэ зэрыт динми емылъытауэ щIыналъэм изыгъэ якуэ мамыригъэ, зэгурыIуэ, пщIэ дэлъынырщ. Лэжьыгъэхэр я плъыфэкIи, зыщыщ жанркIи, темэкIи куэду зэщхьэщыхьаш. Апхуэдизкlи щIыуэпсым, гъэм и зэманхэм я дахагъэм, удз гъэгъахэм, Iуащхьэмахуэ трауху сурэтхэр, шэрджэс зауэлIхэм, адыгэ пщащхэм, нарт эпосым кьыхэщ лIыхъужьхэм, цIыху щхьэхуэхэм я портретхэр къыщыгъэльагъуэхэр, скульптурэхэр, графикэхэр, дыщэмрэ дыжьынымрэ кьыхэщIыкIа зэрызагъэдахэ хьэпшIыпхэр, хьэкъущыкъуэр, абджым, бгы хрустальым щыщ саугъэт цIыкIуфэкIухэр, арджэнхэр, блын алэрыбгъуэр, нэгъуэщIэхэри. Нэхъыщхьэраци, лэжьыгъэхэр гъуазджэм и кьарукIэ псыхьащ, мэгъу къару яхэлъми ярейуэ малъхъэдисым хуэдэу узэщIашэ, гум дахагъэр къыщагъэуш. Сурэтыщlхэм я лэжьыгъэхэм кьыщагъэльагъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэужьмрэ я щIыуэпсымрэ хуаIэ лъагъуныгъэ иныр. Псом хуэмыдэу художникхэм утыку кьрахьащ бжьыхьэ дыщафэм и куры-хыр зыпэпщI хъун зэрыщымыIэр. Тхыдэр зи лъабжьэ, абы и напэкIуэцIхэм ухэзыгъаплъэ «Делегация из Кабарды в Москве» сурэтыр блэкIам и гуджвэщ.

Гъэлъэгъуэныгъэм увыпIэфI щауфбдащ декоративнэ-прикладной гъуазджэм и хьэпшIыпхэм. Апхуэдизкlи Батаев Михаил абджымрэ бгы хрусталымрэ къыхищIыкIа «Карета золушки», «Танцующая пара», «Музыкант», «Танцор», «Знаки зодиака», «Лезгинка», «Старый джигит», «Девушка с кувшином», «Лошадки», «Наездники», «Фламинго», «Дракон», «Пегас», «Жар-птица» лэжьыгъэхэр. Саугъэт папщIэу Iыхьлыхэмрэ ныбжьэгъуэхэмрэ уаззрыхуэгуэпэну е унэр зэрыбгъэдэхэну а хьэпшIып цIыкIуфэкIухэр дэтхэнэри узыIэпызышэщ, уи гукъыдэжым хэзыгъахъуэщ.

Бзыльхъугъэхэр дзэыхьэхыщ Галинский Яроми и дышэ, дыжьын цIыхубз бгыриплхэмрэ бгъэлулъхэмрэ, Юзбашевхэ Гаджиабакаррэ Мурадрэ я дыжьын, жэз бгыриплхэр, Дагировэ Маринеттэрэ Шэт Джульеттэрэ я жьыхуэхэр, уагъэкIэ гъэдаха, дышэ Iуданэкlэ хэдыкIа сумкэ цIыкIухэр, Хьэткъуэ-Исмэхыл Мариан и блын алэрыбгъуэхэр, тхыпхъэхэр, нэгъуэщIэхэри. Дышэкl Iэзэхэм, Iэпщlэлъапщlэхэм а лэжьыгъэхэр кьехъулIащ, нэр телIыыIэрэ гъуазджэм и курых дахагъэкIэ зэхуэхунэуэ.

Хъыгъэгупсысэщ икIи дахагъэкIэ гъэнщIащ выставкэм хагъэхьа скульптурэхэри. Апхуэдизкlэ Гъуэщlапщэ Арсен, Тхьэкlумашэ Михаил, Катони Станислав, Сурхайханов Ибрэхьим, Тхьэзэлтлъэж Руслан сымэ пхъэм, гипсым кьыхащIыкIа, ди зэманым пэджжэ лэжьыгъэ Iэщlэгъэнэхэр.

КъБР-м и Лъэпкъ музеймрэ выставкэр иригъэкIуэкIащ а Iэзэхущlапlэм и унафэщI **Накуэ Феликс**.

Гъэлъэгъуэныгъэр къызэIузхар КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьадинщ**. Абы кьыхигъэщащ республикэм и махуэшхуэхэм ирихьэлIэу ди щIыналъэм и щIыуэпсым и кьулеягъэмрэ и дахагъымрэ къызэрыщ сурэт телъыджэхэр утыку къызэрырахьар.

- Ди сурэтыщlхэм, скульпторхэм, Iэпщlэлъапщlэхэм къагъэщI дахагъэм щIыупсэр зэригъэгуфIэм, дэрэжэгъуэ ин зэрыратым фIыуэ сыщыгъуаззщ, - жIащ министрым. - Дахагъэр куууэ зыхъэзыщIэхэмкIэ, Iуазджэм и щIыхуэхэмкIэ ди республикэр зэрыкъулейм дегъэгуфIэ.

КъБР-м и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Темыркъан Геннадий** жIаI сурэтыщI Iэзэхэм я лэжьыгъэ телъыджэхэр, узыгъэгупсысэхэр мы гъэлъэгъуэныгъэм зэрыхагъэхьар, республикэм исхэми гъуазджэм и щIыхуэхэми ахэр гъэщIэгъэн зэращIыхьуныр.

КъБР-м и Лъэпкъ музеймрэ щагъэльагъуэ сурэтхэм кьадэкIуэу, выставкэм увыпIэфI щауфбдащ лъэпкъым кьыдэгъуэгурыкIуэ щэнхабзэ хьугъуэфIыгъуэхэм. Ар адыгэм зэрихьэ Iэщlэ-фащэхэщ, дыжьын бгыриплхэрщ, бгъэлулъхэрщ, бзылъхъугъэхэм кьагъэсэбэп нэгъуэщI хьэпшIыпхэрщ, цIуГэнэхэрщ, арджэнхэрщ. Дыщэ Iуданэкlэ хэдыкIа, дыщэидзэ щIа кьэлътмакъэхэм, хьэджэбз хьэпшIыпхэм кьыпхуэзэIуах лъэпкъым кьыдэгъэгурыкIуэ тхьипхъэхэм я дахагъэр. Абыхэм ухагъэгуаззэ адыгэм и блэкIам, кьикIуа тхьидэ гъуэгуанэм, и щэнхабзэ, гъуазджэ хьугъуэфIыгъуэм.

Кавказ Ищхъэрэр Урысей пащтыхьыгъуэм хьихьа щыхъуам хэгъэгум къыщыхъуэ зэхъуэкIыныгъэхэр зи лъабжьэ сурэтхэри щIэщыгъуэщ. Гъэлъэгъуэныгъэм щыбольагъу Франджым къыщыдэкIуэу щыта Гагарин Григорий и «Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я фащэхэр» альбомым ихуа сурэтхэр, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий зэхуихьэса, XVIII - XIX лIэщIыгъуэхэм Европэм къыщыдэкIа, Лъэпкъ музеймрэ тыгъэ хуища гравюрэхэр. Абыхэм къыщыгъэлъагъуэщ XVIII лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэмрэ - XIX лIэщIыгъуэмрэ адыгэхэмрэ Кавказым щыпсэу нэгъуэщI лъэпкъхэмрэ зэрахьэу щыта фэилъхьэгъуэхэр. Дэтхэнэми псэгъэгуфIэ-дахагъэ яхэлъщ, лъэпкъым и щэнхабзэр, и тхыдэм щыщ напэкIуэцIхэр къызэщIакъуэж. А псом къыдэкIуэ блэкIамрэ нобэмрэ зэпэщIэ, цIыхубзхэм, цIыхухъухэм я зыхуэпэкIэ, лъэпкъым и псэукIэ я лъэныкъуэкIэ къэхъуа зэхъуэкIыныгъэхэм гу лъыуагъатэ. Выставкэм щыбольагъу художник цIэрыIуэ Лансере Евгений и скульптурэхэр, графикэ, литографие лэжьыгъэхэр, дэрбзэрхэм, лъэпкъ фащэхэр зыдэхэм къагъэщIэрэщIэжа цIыхухъу, цIыхубз, ныбжьыщIэ фащэхэр, щIакIуэр, цIыхубз IэпщIэлъапщIэ ПIаз Александр и лэжьыгъэхэр, Мазло Руслан и арджэнхэр.

Гу лъыботэ адыгэр зи ужь ихьэ дэтхэнэ зы Iэзэгугъуэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ хуиIэу зэрыщытам. Хьэпшыпхэмрэ Iэщlэ-фащэхэмрэ къэбГъэсэбэпыну, зепхьэну тыншу икIи IуплъэгъуафIэу, и теплъэм зыIэпишэу щытын хуейт. Псом хуэмыдэу тъэщIагъэунт XVIII-XIX пIэщIыгъуэхэм псэуа адыгэ зауэлIхэм я шыфлIыфэр къызэрыщ сурэтхэр. Адыгэхэм ди лъэпкъ фащэ жаIэу хьэгъуэлIыгъуэхэм, гуфIэгъуэ зэхьыхьэм мыхъуу, махуэ къэс ящыгъуэ щыта фэилъхьэгъуэхэр, дыжьын, дыщэ пыIэхэр, бгыриплхэр, уагъэхэр, тхыпхъщIыкIыхьэхэр дахэ дыдэу къагъэльэгъуащ.

Ди япэ итахэр дахагъэм зэрыхуэнэхъуеинщэм къыздэкIуэу, лыгъэ мыкIуэщIи зэрахэлъар кьахоущ утыку кърахьа сурэтхэм, Iэщlэ-фащэхэм. Зэ еплъыгъэкIэ абыхэм псэ яхуэгъэну зэрыщытамкIэ шэч уагъэщI. Ауэ, зэрытщIэщи, адыгэлIым Iэщlэ къыщIидтар Iэмалымышагъэ Iуэхущ, и Хэкумрэ щIыхьыжэ ихъумэжьын папщIэщ.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и сауэтхэтэр» гъэлъэгъуэныгъэм хьихьэу музеймрэ къыщыкIуэ, политикэ лэжьакIуэхэм къьабгъэдэкIа, фэеплъ саугъэт хъуа Iуазджэм и хьэпшIыпхэр.

Гъэлъэгъуэныгъэхэм зрагъэхьэлIащ республикэм и сурэтыщlхэм, гъуазджэр фIыуэ зыльагъуэм, кьалэм и хьэщIэхэм. Выставкэмрэ фокIадэм и кIэ пщIондэ зэIухуэф щытынущ. Ар щIэщыгъуэ, гъэщIэгъуэн ящыхъунущ Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъхэм я блэкIам, тхыдэм, лъэпкъ фащэхэм, зэуапIэм къыщагъэсэбэпа Iэщlэхэм дихьэххэм. А хьэпшIыпхэр, фащэхэр къэзыгъэщIэрэщIэжхэм зи гугъу тщIы лэжьыгъэхэр къаззрахуэщIхьэпэнымэ ушэ хэлъкIым. А псом къыдэкIуэу щIыналъэм и щIыхуэ и тхыдэр щIэблэм ящымыгъэгъупщэныкIэ гъэльэгъэныгъэхэм кьалэнышхуэ ягъэзащIэ икIи адыгэ лъэпкъым кьикIуа гъэсэгуанэр къызыхэщ выставкэхэм цIыхухэм я псэм дахагъэр, гуапагъэ къызэрыщигъэушынымэ шэч хъункъым.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *триходж.*

ЕплIанэ къыдэкIыгъуэ

«Iуащхьэмахуэ» журналым мы гъэм и зи чэзу еплIанэ къыдэкIыгъуэр иджыблагъэ дунейм кьытехьащ. Къыжьыпхъэщ, абы ихуа тхыгъэхэмрэ уэсэхэмрэ я нэхъыбэр Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьам, Налшык кьалэм, КъБР-м и Къэралыгъуэм зэрытрауху-хуар.

ЖУРНАЛым ихуащ Дзэмыхь Къасболэт Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъум триухуа тхыдэр зи лъабжьэ «Гъуэгу зэхэгъэкIыпIэ» тхыгъэ гъэщIэгъуэныр. Абы зыубгъуауэ щыгъэкрыхащ Къэбэрдейр Урысейм гухъэным щIэдзапIэ хуэхъуам, лъэпкъитIыр благъэкIэ зэпыщIа зэрыхъуам кьрикIуа Iуэхугъуэхэр. АдэкIэ фыкьыщеджэну Iэмал фиIэщ Мэлбахьуэ Елбэрд и «Щумыгъэпщкlуам щыльхьуэ» романым щыщ пычыгъуэм. ПащIэ Бэчмырзэрэ КIуащ БетIалрэ Москва кьалэм, Къэбэрдейм трауху усэхэм.

КIунтIыщ-Хьэпцlэ Аннэ и тхыгъэм фыщыхегъэгъуаззэ хабзэм и хьумакIуэу лэжьа, майор, уэрэдус икIи уэрэджьIакIуэ ДышэкI Залымхъан Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъуэр Москва Iэтащ-уэ щагъэльэпIам ирихьэлIэу и Iэдакъэ кьыщIэкIа «Лэжьакlуэхэм я марш» уэрэдым и хьыбарымрэ кьалащхьэм щагъэкIуэкIа а гуфIэгъуэ зэхьыхьэшхуэм Дыщэкlым и уэрэдыр зэрыщигъэззэщIамрэ.

«ЖьантIэ» Iыхьэр къызэIуех тхакIуэ Теунэ Хьэчим къызэральхъэр илъэси 105-рэ зэрырикъум Елгъэр Кашиф триухуа «Зи къалэмыр зэи мыубзэщхъуа» тхыгъэм. Абы кьыкIэльокIуэ Теунэм и «Щэджэмокъуэ лъэпкъыр» романым щыщ пычыгъуэ. Апхуэдэу мы Iыхьэм фыкъыщеджэ тхакIуэ КIэрэф Мухьэмэд къызэралъхурэ илъэс 95-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ Елгъэр Кашиф игъэхъэзыра «Лъэужь» тхыгъэм, КIэрэф Мухьэмэд и «Лъэужь е лIэужь» повестым і щыщ пычыгъуэхэм. Тхыгъэ хьэлэмэтхэм кьакIэльокIуэ усакIуэ Брай Адэлбий кьызэралъхурэ илъэс 80 зэрырикъум траухуахэр. Апхуэдэхэщ КхъуэIуфэ Хьэчим и «Щхьэгъубжэ нэху: усэмрэ псэмрэ зэщIэзыгъабла», Мэзыхьэ Борис и «УсакIуэфIт, ныбжьэгъу нэст» тхыгъэхэр, Брай Адэлбий и усэхэр.

«Публицистикэ» Iыхьэм ихуащ Нэщlэпыджэ Замира и «Хамэ къэралхэм щыщ адыгэ цIыхубз цIэрыIуэхэр» тхыгъэр. «Iуащхьэмахуэм» и щIэджыкIакIуэхэр абы хегъэгъуэзэ Тыркум и уэрэджьIакIуэ Алтан (Бэгъущэ) Гулджан, тхакIуэ цIэрыIуэ Къущхьэ Севим, адыгэ актрисэ цIэрыIуэ Шорэ Тюркан, Франджым и ЛIыхъужь Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан, франджы литературэм и классик Шарлоттэ ХьэIишэт-Аиссе, къэфакIуэ Iэзэ, кинорэ театрымрэ я артисткэ Щамырзэ Монике сымэ я гъащIэмрэ я гуащIэмрэ.

«ЩIэблэ» Iыхьэм ихуащ ГъукIэ Маринэ и «СыщIалэу фигу сыкъренэж» рассказыр.

Журналым и зи чэзу къыдэкIыгъэ зэхуещIыж Мыз Ахьмэд и псалъэзэблэдзымкIэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Аргуэру зэрытегъэкIуакъым

«Черноморец» (Новороссийск) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:0. Новороссийск. «Центральный» стадион. ФокIадэм и 8-м. ЦIыху 800 еплъащ.

Судьяхэр: Иванников (Ставрополь), Петров, Харченко (тIури Астрахань щыщщ).

«Черноморец»: Швагирев, Пуляев (Фулга, 37), Юдин, Кузнецов, Резников, Селеменев, Петрук, Миносян, Чалый, Григорян (Каньянов, 66), Бояринцев (Прус, 56).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, Лелюкаев (Жылэ, 46), Муслуев, Шахтиев (Абидинов, 21), Абазэ, Магомадов, Ахриев (Ашуев, 73), Медников (Мэщыкъуэ, 66), Пащты (Михайленко, 46), Гугуев, ЛIуп.

Дагъуэ къыхуащIащ Миносян.

«Спартак-Налшыкымрэ» «Черноморецымрэ» зэрызэхуэзэрэ куэд щIатэкъым. Абы щыгъуэм Урысей Федерацэм и кубокым щыщIэбэна зэIущIэр зэрытемыгъэкIуауэ иухри, лъэныкъуэхэр пенальти еуэн хуей хъуащ, адэкIэ кIуэнур зэхагъэкIын папщIэ. Иджы апхуэдэ Iэмал щыIэтэкъым - джэгум хухаха зэманым кърикIуар зэрыщыгъу къэнэжынут икIи зэрытемыгъакIуэмэ, тIуми очко тIурыт! яфIэкIуащIэ, зырыз кьаухьынурэ. Абы щыгъуэми, турнир таблицэм щаIыгъ увыпIэ лъахъшэхэр къэпльитэмэ, командзхэр Iэмал имыIэу ерыщуебгъэрыкIуэн хуейт. ТекIуэныгъэхэрат ахэр щытыкIэ гугъуэм хуэмурэ къызэшыныр.

Джэгум и пэщlэдзэр удэзыхьэх хъуащ. Зэрыхуагъэфэщауэ, «Спартак-Налшыкри» «Черноморец»-ри кьаруушхуэкIэ ебгъэрыкIуэу хуежьащ. Япэу зи насыпэ кьикI пэтар хьэщlэхэращ: Ахриевым кьыхита топыр Гугуевым гъуэм дигъэкIыным зымащIэ дыдэщ иIэжар. КьыкIэльыкIуэу хэгъэрейхэм хуэфэщэн жэуап кьатащ, ауэ Селеменевым кIыхьлIыхь зищыщэри Iэмал хъарзынэр зыIэщIигъэкIащ. Адэкlэ налшыкдэсищ зэуэ «Черноморец»-м и гъуэм бгъэдыхьащ, зы гъуащхьэхъуэм закъуэ фIэкIа кьэлапщIэмыту. Арщхьэкlэ ЛIупым топыр тэмэму Пащтым Iэригъэхьэфэкъым. Мыгувэу Григорян гугъуихри фIахьащ. Дауи, ахэращ турнир таблицэм и кIэух увыпIэмэ зыIыгъыр.

АдэкIэ фыщыдгъэгуэзэнщ етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым иужьку щыгъэхэта джэгугъуэм кърикIуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: **«IэфIыпс»** (Iэфыпс) - **«Динамо-Ставрополь»** (Ставрополь) - **3:1**, **«Армавир»** (Армавир) - **«Академия»** (Дон Іус Ростов) - **2:0**, **«Анжи-2»** (Мэхъачкъалэ) - **«Чайка»** (Песчанокопское) - **1:1**, **«Мэшыкъуэ-КМВ»** (Псыхуабэ) - **«Биолог-Новокубанск»** (Прогресс) - **0:1**, **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **«Легион Динамо»** (Мэхъачкъалэ) - **1:0**, **СКА** (Дон Іус Ростов) - **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **3:0**, **«Краснодар-2»** (Краснодар) - **«Спартак-Владикавказ»** (Владикавказ) - **1:0**.

КъыкIэльыкIуэ джэгуГъэр «Спартак-Налшыкым» и стадионым щIигъэкIуэ-кIынущ. ФокIадэм и 16-м абы кьригъэблэгъэнущ Дон Іус Ростов и СКА командзр.

ЖЬЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщIекIуэкIыр

	Командзхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Краснодар-2»**	7	6	0	1	18-5	18
2.	«Армавир»	7	6	0	1	13-3	18
3.	«IэфIыпс»	7	5	1	1	10-3	16
4.	СКА	8	4	2	2	15-10	14
5.	«Биолог-Новокубанск»	8	4	2	2	9-6	14
6.	«Чайка»	8	4	2	2	6-5	14
7.	«Ангушт»	8	3	3	2	9-8	11
8.	«Анжи-2»	6	3	2	1	11-6	11
9.	**«Спартак-Налшык»**	8	2	5	1	10-6	11
10.	«Дружба»	7	3	1	2	8-11	10
11.	«Легион Динамо»	8	2	2	4	10-12	8
12.	«Черноморец»	7	2	2	3	4-8	8
13.	«Мэшыкъуэ-КМВ»	7	2	1	4	6-8	7
14.	«Спартак-Владикавказ»	8	1	2	5	6-10	5
15.	«Академия»	7	0	3	4	4-15	3
16.	«Динамо-Ставрополь»	7	0	2	5	11-21	2
17.	«Кубань-2»	6	0	0	6	5-18	0

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и депутат **Шумахуэ Арсен Владимир и къуэм** хуогузавэ абы и адэ **Шумахуэ Владимир Сэлмэн и къуэр** дунейм зэрехьжам кьыхэкIыу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ хуощIыгъуэ КъБР-м и Парламентым и правовой управленэм и унафэщIым и къуэдзэ-правовой къэпщIтэныгъэмкIэ къудамэм и унафэщI **Вэрокъуэ Руслан Валерий и къуэм** абы и анэ **Ажбэчыр Татьянэ Александр и пхъур** дунейм зэрехьжам кьыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкlэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщlэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщl Изэ.**

Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иригъэтхащ (учредителэр).

КъыдэзыгъэкIэжмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Iуэхущlапlэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкIэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм ихуэхьынымрэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитынымгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДышэкI Соня**, *редактору* **Лъостэн Музэ**, *корректорхэу* **Афа Тамарэ** *(2, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 3-нэ нап.). Компьютерклэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхъэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.507 ● Заказ №1142